



Pou Piblikasyon Imedya: 01/10/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL PIBLIYE PWOKLAMASYON KI DEKLARE OKTÒB KÒM MWA
SANSIBILIZASYON SOU VYOLANS DOMESTIK**

*Mande pou limen moniman yo nan eta a an wouj vyolèt aswè a, 1 oktòb, ak nan
"jedi wouj vyolèt la", 19 oktòb, pou onore sivivan yo*

*Biwo pou Prevansyon Vyolans Domestik nan Eta New York ak Biwo Sèvis Jeneral
Eta New York la pral òganize ansanm pwojè ekspozisyon mayo sou liy nan Eta
New York*

*Biwo pou Prevansyon Vyolans Domestik Eta New York la pral òganize fòmasyon
sou 'Vyolans Domestik 101' chak semèn*

*Biwo Eta New York pou reyalize lansman konvèsasyon: Patisipasyon panèl gason
ak ti gason an kolaborasyon ak Syracuse University*

Li pwoklamasyon an [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul jodi a te rekonèt mwa oktòb kòm Mwa Sansibilizasyon sou Vyolans Domestik (Domestic Violence Awareness Month, DVAM) nan Eta New York, li te pibliye yon [pwoklamasyon](#) epi li te mande pou tout moniman istorik yo nan eta a limen an wouj vyolèt aswè a, 1 oktòb, ak nan jedi wouj vyolèt, 19 oktòb pou onore sila yo ke vyolans domestik afekte. Kowenside ak pwoklamasyon sa a, Biwo pou Prevansyon Vyolans Domestik (Office for the Prevention of Domestic Violence, OPDV) la pral fè fòmasyon sou 'Vyolans Domestik 101' ak 'Fòmasyon Sansibilizasyon sou Vyolans ki Baze sou Sèks pou Distri Sèvis Sosyal yo' chak semèn epi kolabore ak Biwo Sèvis Jeneral (Office of General Services, OGS) Eta a pou òganize pwojè ekspozisyon mayo sou liy (clothesline) Eta New York la, kolabore ak Syracuse University pou òganize yon Lansman Konvèsasyon: Patisipasyon Gason ak Ti gason yo, epi rekonèt #PurpleThursday.

"Manman m te dedye lavi l pou l ede sivivan vyolans domestik, epi memwa li enspire m chak jou pou m aji", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandan ke nou pran tan pou ede sivivan yo nan mwa sa a, nou rekonèt tou angajman nou pou prevni vyolans domestik ak kenbe Nouyòkè yo an sekirite. Mwen pran angajman pou m sèvi ak tout zouti ki disponib pou mete fen nan vyolans domestik ak sipòte sivivan yo".

An konfòmite ak Dekrè Egzekitif 19, tout ajans Eta New York yo te kreye politik entèn sou vyolans ki baze sou Sèks ak nan espas travay la epi Biwo pou Prevansyon Vyolans Domestik te fòme prèske 70,000 anplwaye Eta New York nan fòmasyon sou vyolans ki baze sou sèks ak nan espas travay la.

Direktè Egzekitif Biwo pou Prevansyon Vyolans Domestik Eta New York la, Kelli Owens, te deklare, "Vyolans domestik pa limite nan kay la, kidonk nou pa ta dwe sèlman pale sou li nan kay la. Moun ki afekte pa vyolans domestik ak vyolans ki baze sou sèks yo souvan chèche èd nan travay, nan kominote yo ak nan men pwòch yo. Li lè pou nou kòmanse konvèsasyon an ak konnen resous ki disponib yo. OPDV fyè dèske li te fòme prèske 70,000 anplwaye Eta atravè fòmasyon sou vyolans ki baze sou sèks ak nan espas travay la, ki bay zouti sou fason pou adrese vyolans domestik ak vyolans ki baze sou sèks nan espas travay la. Mèsi, Gouvènè Hochul, -pou pwoteksyon anplwaye ki te fè eksperyans vyolans ki baze sou sèks ak pou angajman w ap kontinye pran nan pwoblèm enpòtan sa a".

An kolaborasyon ak Syracuse University, OPDV pral òganize yon panèl ki konsantre sou Pwomès Responsablite Kont Vyolans ki Baze sou Sèks. Pwomès la fè pati yon pi gwo efò eta pou ogmante wòl gason ak ti gason yo nan prevansyon vyolans. [An patenarya ak Gouvènè Adjwen Antonio Delgado](#), OPDV te lanse Pwomès Responsablite Kont Vyolans ki Baze sou Sèks ak kanpay medya [Lanse Konvèsasyon: Patisipasyon Gason ak Ti Gason](#) nou an nan 12 avril. Panèl la pral konsantre sou yon diskisyon sou rezon ki fè panelis yo te siyen *Pwomès pou Responsablite Kont Vyolans ki Baze sou Sèks* ak fason yo ap anpeche vyolans ki baze sou sèks nan lavi yo. Evènman sa a pral fèt nan Syracuse University nan 24 oktòb a 6pm. OPDV pral kontinye ankouraje Pwomès pou Responsablite Kont Vyolans ki Baze sou Sèks yo a. Depi lansman li an avril, OPDV te fyè pou l fè patenarya ak de responsab Eta New York ak 10 ajans Eta New York, epi mete aksan sou sa, pandan yo t ap asime Pwomès Responsablite a.

Ajans lan pral rekonèt Mwa Sansibilizasyon sou Vyolans Domestik tou lè li òganize Pwojè Ekspozisyon Mayo sou Liy Eta New York la. Oktòb 1990 te wè Pwojè ekspozisyon mayo sou liy orijinal la ak 31 mayo te afiche sou gazon vilaj la nan Hyannis, Massachusetts, nan kad yon mach ak rasanbleman anyèl "Take Back the Night". Pandan tout jounen an, fanm yo te manifeste yo pou kreye mayo epi liy lan te kontinye ap grandi. Aksyon sa a sèvi anpil rezon. Li aji kòm yon zouti edikasyon pou moun ki vin wè Clothesline la; li vin tounen yon zouti gerizon pou nenpòt moun ki fè yon mayo - lè yo pann mayo a sou liy lan, sivivan yo, zanmi yo ak fanmi yo ka literalman vire do yo sou kèk nan doulè sa a nan eksperyans yo epi ale; finalman li pèmèt moun ki toujou ap souffri an silans konprann ke yo pa poukont yo. Ekspozisyon nan konkou Empire State Plaza a pral bay enfòmasyon sou founisè sèvis lokal yo ak resous Eta New York yo.

OPDV pral òganize kou fòmasyon vityèl ki dire yon èdtan sou 'Vyolans Seksyèl 101' pou anplwaye, sipèvizè, ak administratè yo k ap travay nan distri lokal yo, ajans prive

san bi likratif yo, minisipalite yo, ak lòt pwofesyonèl k ap ede sivivan vyolans ki baze sou sèks yo ak sivivan vyolans domestik yo. Fòmasyon sa a ki baze sou entènèt la se yon entwodiksyon debaz sou vyolans ki baze sou sèks ak vyolans domestik, ki gen ladann definisyon, defini konsantman ak estatistik.

Komisè Sante Eta New York la, Doktè James McDonald, te deklare, "Vyolans domestik afekte anpil moun ak fanmi atravè New York avèk konsekans trajik ak destriktif, epi li tèlman enpòtan pou sivivan yo resevwa resous eksepsyonèl ak sipò san konfli. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou devouman li ak angajman li pou rezoud pwoblèm sa a avèk yon plan daksyon".

Komisè Pa Enterim nan Biwo Sèvis Timoun ak Fanmi yo (Office of Children and Family Services, OCFS) nan Eta New York, Suzanne Miles-Gustave, te deklare, "Nou rekonesan anvè Gouvènè Hochul paske li se yon gwo defansè pou sivivan vyolans domestik yo. Pandan OCFS ap fè efò pou pwoteje timoun nou yo ak ranfòse fanmi yo, li klè ke kolaborasyon kontinyèl ant ajans sèvis pou moun ak defansè yo se kle pou kenbe timoun ak granmoun yo nan lavi yo an sekirite. Nou tèlman fyè de patenarya depi lontan nou an ak OPDV kote nou ede nan fòmasyon distri lokal anplwaye sèvis sosyal yo epi ede aplike modèl An Sekirite ak Ansanm (Safe and Together), yon apwòch ki baze sou fòs pou konfwonte vyolans domestik. Pandan mwa sa a, OCFS gen onè pou l sipòte plis efò sa yo atravè sansibilizasyon piblik ak pwogram edikatif, epitou pou l bayabri lokal nou yo sa yo bezwen pou yo ka bay sivivan vyolans domestik yo plis swen ak resous konkrè".

Komisè Adjwen Biwo pou Asistans Tanporè ak pou Moun Andikape Eta New York la, Barbara C. Guinn, te deklare, "Entèseksyon ant vyolans domestik ak povrete se yon bagay nou pa ka nye epi Mwa sou Sanibilizasyon Vyolans Domestik la se yon bon moman pou nou tout redouble efò nou pou sipòte sivivan vyolans ki baze sou sèks yo. OTDA fyè de inisyativ li yo avèk OPDV pou asire ke travayè sèvis sosyal premye liy yo resevwa fòmasyon pou rekonèt moun ki te ka sibi vyolans anba men patnè entim yo epi konekte yo avèk sipò ak sèvis yo bezwen pou estabilize lavi yo".

Komisè Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl (Division of Criminal Justice Services, DCJS) Eta New York la, Rossana Rosado, te deklare, "Ekip mwen an pran angajman pou l bay patnè jistis kriminèl lokal yo ak òganizasyon kominotè yo finansman, fòmasyon ak lòt resous ki ede viktim ak sivivan vyolans entèpèsyonèl yo jwenn sèvis ak sipò yo bezwen pou yo viv an sekirite. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou angajman li kontinye nan pwoblèm sa a epi paske li travay san pran souf pou asire New York se yon kote ki an sekirite pou tout moun".

Direktris Biwo Sèvis pou Viktim (Office of Victim Services, OVS) Eta New York la, Elizabeth Cronin, te deklare, "Moun ke vyolans domestik afekte yo montre kouraj ak fòs nan apre, men yo dwe konnen yo pa poukont yo. Tan pou geri, fizikman ak mantalman, enpòtan anpil pou lavi apre viktimizasyon. Mèsi, Gouvènè Hochul, paske w sipòte sivivan yo epi asire ke New York ka bay yon kote ki an sekirite pou moun ki kite abi dèyè pou yo kòmanse lavi yon lòt fwa".

Liy Asistans sou Vyolans Domestik ak Vyolans Seksyèl (Domestic and Sexual Violence Hotline) Eta New York la, bay sipò konfidansyèl gratis, 24/24 epi li disponib nan pifò lang: 800-942-6906 (apèl), 844-997-2121 (mesaj tèks) oswa @opdv.ny.gov (chat). Moun ka ale tou sou www.ovs.ny.gov/connect pou jwenn yon pwogram asistans pou viktim nan kominote yo a. Biwo Sèvis pou Viktim (Office of Victim Services, OVS) lan finanse ak sipòte 239 pwogram asistans pou viktim nan tout eta a ki bay sèvis esansyèl, tankou konsèy pou kriz, gwoup sipò, jesyon ka,abri ijans, èd legal sivil, ak asistans pou demenajman, pami lòt asistans, pou viktim yo ak sivivan vyolans domestik, agresyon seksyèl ak lòt krim, ak fanmi yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)